

The coronavirus matter wey don dey cause wahala everywhere first enter Naija on 27 February and e start for Lagos state. The tin cause many many fake news wey make NCDC and Federal Ministry of Health dem begin try calm pipo down, try make the sickness no spread. All of us need join hand make sure say we knack this virus correct apako so make we dey talk only news wey we don confam say na true; and make we dey do the ones wey go make the virus fear to near our domot.

The Coronavirus CivActs Campaign (CCC) dey gather different rumour and tori wey Naija pipo dey talk for different states make we help ordinary pipo understand wetin dey happen; so that beta information go dey flow well well for government, media, NGO and even the citizens dem. Once we talk the real gbege of wetin dey happen, all dem fake news go stop to dey spread before they cause more wahala for our country pipo. You know say no be all of us get the same language and no be everybody sabi this English well well so we need this CCC make everybody understand wetin dey happen so that we go finally throway this bad sickness comot for our country.


Coronavirus na serious threat to Naija pipo -- wey be over 180 million – because the healthcare system weak, the pipo dey very poor, the living conditions no good and the Government too dey corrupt. Economic and insecurity conditions for Naija dey bad before this coronavirus kasala burst, and Naija dey already score fail for health parameters; pipo too dey die and life expectancy dey poor. When and if coronavirus enter communities wey get high population for Naija, kasala go burst.

E dey important make Naija handle this pandemic in a way wey dey progressive and transparent, to ensure the well-being of citizens, build resilience and prevent any social conflict wey fit happen sharp sharp. This na huge challenge for Naija, but na also opportunity to renovate public health systems, improve relationship between Naija pipo and those who dey in power, and improve governance.


Naija Don Vaccinate Over 1 Million People

National primary health care development agency (NPHCDA) bin announce say as at Wednesday wey be 14th April, dem done inject 1,043,737 eligible Naija people with vaccine for 36 states and FCT join. Naija bin start vaccination for 5th of march after we receive 3.94 million doses of Oxford-AstraZeneca vaccine through Covax. So that we go fit achieve herd immunity against COVID-19, Nigerian government don announce say the plan na to give vaccine to 40 percent of the entire Naija population before we end 2021, and 70 percent before the end of 2022.

States Wey Dem Don Vaccinate Pass



States Wey Dem Never Too Vaccinate Like Dat



Chairman of the presidential task force on COVID-19 done announce on 23rd march say Naija scientists don develop two vaccines against COVID-19 and e talk say clinical trial for these two vaccine go soon start.

How you go fit register for COVID-19 vaccination

If person wan register to collect COVID-19 vaccine, the person go need device wey get internet connection and the internet dey work. Naija people wey wan register fit use NPHCDA registration portal for www.nphcda.gov.ng

Wetin you need to fill the form?

If you wan fill the vaccination form, you go need some small information like: full name, phone number, email address, date wey dem born you, sex, ID card, address wey you dey live including state, Local Government, and ward of where you dey live.

You go also need choose the date and time wey you wan collect the vaccine and you go upload your picture. The form go ask if you dey work for health sector or if you get medical conditions or allergies.

The last one be say them go ask you make you type in one code wey go complete the registration.

Them go send you message say your registration don complete. Them go also give you vaccination ID.

Who go fit receive the vaccine?


Healthcare workers dey ontop the list of people wey go receive first. After them, the NPHCDA talk say them go give "frontline workers – military, police, oil and gas workers, customs workers, and strategic leaders." More than others.

Nigeria go be the third African country wey collect vaccine under the COVAX scheme, after Ghana and Ivory coast. Make we note am say dem go give people the vaccine without charges and the country suppose receive a total of 16million free doses from COVAX in the coming months.

How COVID-19 Affects Different U.S. Age Groups

Hospitalization, ICU admission and fatality rates for reported U.S. COVID-19 cases by age group*

■ Hospitalization ■ ICU admission ■ Case fatality



* Based on 2,449 COVID-19 patients with a known age. (February 12–March 16, 2020).

Source: Centers for Disease Control and Prevention




statista

COVID-19 monthly case chart: One year later

COVID 19 CASES BY MONTH (APRIL 2020 - MARCH 2021)

■ Cases ■ Recoveries ■ Deaths



YEYE TORI



The vaccine dey give person COVID-19

If don already get COVID-19, you no need collect the vaccine again

If you take Ibuprofen your COVID-19 fit get worse

Blood pressure medicine go make COVID-19 infection dey worse

Na only older people dey get COVID-19

VS



TRUE TALK

No virus dey COVID-19 vaccine. The Moderna and Pfizer vaccine dey give person small piece of the genetic material or RNA. Person cell go turn into a protein of the coronavirus. From there, your body go recognize am say e no familiar or "not human," and then e go create antibody against am. The RNA go eventually go away, but the immune response go remain.

Enough information no dey available to talk if or for how long people dey protected from COVID-19 even after person don already get am (natural immunity). Early evidence bin suggest say natural immunity from COVID-19 fit no last very long, but we go need more studies to fit understand am better.

No evidence dey say Ibuprofen or other non-steroidal anti-inflammatory drugs fit make COVID-19 cases worse. Make you consult your doctor before you change your drugs.

So far, the information wey dey show the connection between blood pressure medications and COVID-19 no too dey. Studies dey on and e never dey conclusive yet.

All ages fit get COVID-19 virus, but na only people wey get underlying conditions wey dey older too dey likely to get the worse form of the virus.

CORONAVIRUS UPDATE AS E DEY NAIJA AT AS TODAY - 04/05/2021

165,199

CONFIRMED CASES

2,063

DEATHS

155,371

RECOVERED

1,939,165

TESTED